

# Èske ou ansent kounye a oswa nan ane pase?

Chèche jwenn swen medikal touswit si ou santi nenpòt nan sentòm ki annapre la yo:



Maltèt ki pa vle pase oswa ki vin pi mal ofiramezi




Vètij oswa endispozisyon



Chanjman nan vizyon ou



Lafyè 100.4° F oswa pi wo



Anflamasyon estrèm nan men ou oswa nan figi ou



Panse pou fè tèt ou mal oswa tibebe ou an



Pwoblèm pou respire



Doulè nan pwatrin oswa batman kè rapid



Kèplen grav ak vomisman



Doulè grav nan vant ki pa vle pase



Mouvman tibebe a k ap sispann oswa k ap ralanti pandan gwosès la



Anflamasyon grav, woujè oswa doulè nan janm oswa bra ou



Senyen nan vajen oswa likid k ap koule pandan gwosès la



Gwo senyen oswa ekoulman nan vajen apre gwosès la



Fatig akablan

Sa yo ta ka siy konplikasyon ki trè grav. Si ou pa kapab jwenn yon founisè swen sante, ale nan sèvis dijans. Asire ou pou di yo ou ansent oswa ou te ansent nan ane pase.

Aprann plis nan [www.cdc.gov/HearHer](http://www.cdc.gov/HearHer)



**HEAR**  
KOUTE ENKYETID LI YO